Manusia Silver

Cerpen: Mohammad Ahkeel Alaire



ILUSTRASI JOKO SANTOSO

TELEPON genggam itu tidak lagi memekik dengan suara yang menghanyutkan telinga. Aku beranjak bangun dari kasur miring ini, duduk dengan dua kaki menapak di lantai dan kepala sedikit tertunduk. Aroma masakan ibuku tercium sangat tajam seperti bisingnya kicauan burung murai kesayangan ayahku. Secercah cahaya masuk melalui jendela yang di tutupi gorden tipis kelabu, dalam cahaya itu terlihat ratusan butir-butir debu melayang-layang ketika aku menggerakkan lesnar tua yang sudah tak berpelitur itu.

Jam menunjukkan pukul tujuh pagi, kuputar kunci motorku ke kanan lalu kunyalakan. "Jreeeng-jreeeng-jreeeng," suara yang sudah mendekam di kepalaku tujuh tahun lamanya, semenjak kuliah. Sembari menunggu motor butut itu siap dikendarai, aku mengikat sepatu dengan tali yang berwarna hitam pekat. Sepatu sudah siap, aku berangkat!

Kulihat awan-awan di atas langit, serat biru keabu-abuan membentang sepanjang kota Yogya. Tukang becak, penjual roti, dan pedagang kaki lima mulai penuh seperti seonggok sampah di pinggir kota. Mereka dengan seriusnya menjalani kehidupan patah arang itu, tenggelam dalam keniscayaan hidup dan terbang dalam rasa kantuk. Burung-burung gereja berbaris menyamping di atas kabel yang menjuntai panjang, dalam setiap juntaiannya seolah-olah membuat orang merasa kalut dan khawatir. Siapapun yang berada di bawah ratusan burung-burung gereja itu, pasti akan menengok ke atas dan ke bawah. Terkadang mereka merasakan nelangsanya hidup, kalau-kalau terkena kotoran burung-burung itu yang menukik seperti anak panah layaknya Capricorn.

Dalam ilmu semiotika, kita harus mengerti dan patuh terhadap rambu lalu lintas, jadi ketika pilar-pilar usil itu menampakkan warna merah terang, aku perlahan meredakan kecepatanku dan berhenti tepat di belakang mobil boks berwarna putih. Dalam keheningan yang penuh tipu daya, aku memperhatikan suasana sekitar. Pagi ini belum terlalu ramai, namun para pekerja lampu merah telah bekerja seperti jarum jam. Ketika aku menengok ke samping kanan, sesuatu menyentuh ujung lengan kemeja yang kukenakan. Sontak aku menengok ke arah berlawanan, dan kudapati seorang bocah polos berwarna silver bertingkah laku seperti pengemis, aku sedikit takut melihatnya. Dalam tatapan matanya yang kuning-kuning berserat, terlihat roman jemu yang berkaca-kaca. Ia hampir telanjang bulat, hanya mengenakan celana pendek, seluruh tubuhnya diwarnai keperak-perakan silver, aku kira ia makhluk dari alam lain. Ini pertemuan pertamaku dengan makhluk seperti ini, sungguh aku gentar untuk menatap tubuhnya, aku dikuasai rasa takut dan cemas. Ia menatapku, aku menatapnya. Dalam pupil mata yang kecil dan kornea yang kecil pula, berlinang air mata di bawahnya. Jari-jarinya yang lucu itu menjepit secarik plastik yang ditekuk menjadi kantong-kantong kehidupan. Cepat-cepat aku merogoh saku dan memberikannya lima butir uang koin. Ia masih menatapku, aku pun masih menatapnya "Pergilah, Dik. Sebentar lagi lampu hijau..." Ia masih diam, "Cepatlah!" ucapku emosi. Ia masih diam saja, tak menghiraukan ucapanku yang bernada tinggi itu. Ketika lampu lalu lintas berubah menjadi kuning, dan lima detik kemudian berubah lagi menjadi hijau. Ia akhirnya menggerakkan tangannya, merogoh ke dalam kantong kehidupan itu, dan memberiku lima butir koin yang kuberikan barusan. Sontak aku terheran-heran, dalam tatapan kosongnya itu ia seolah-olah mengatakan: "Aku tak ingin uang koinmu, berikan saja kehidupan yang layak untukku." Ia pun pergi, berjinjit, dan berhenti ketika otot-ototnya berseteru dengan trotoar. Aku memperhatikan dirinya. Ia tersenyum semringah dan melambai ke arahku. Aku kaku, dengan perasaan tidak rela, aku meninggalkannya. ❑

Mohammad Ahkeel, Alaire, lahir di Bandar Lampung 14 Maret 2001. Penikmat sastra dan pembelajar otodidak. Saat ini sedang berkuliah di Universitas Muhammadiyah Yogyakarta.

Oase

Khanafi

SERIAL DRAMA

selalu aku, sayang
angan-angan yang kau proyeksikan
setelah film drama yang kau tonton
tamat
tapi tak pernah habis

rindumu pada diriku yang itu
berseri, berjilid-episode
bagai darah dalam urat
terus tanpa putus

apakah aku mirip artis korea?
atau sebab aku pacarmu
maka kaulihat aku menurut inginmu
igauan dunia ketiga!

selalu petang itu
telepon genggammu yang canggih
menyala dan terputar lagi serial drama
lalu aku apa?

aku kah yang kau lupakan
dalam hubungan cinta paling maya
inikah bentuk paling radikal
dari cinta platonic di dunia nyata?
ah, sudahlah.

di hadapan kopi ini, aku sepi

2019

MALAM LAYANGAN

maafkan aku.

waktu adalah hujan
guguran kenangan di ranting malam
adakah buah jambu itu ikut mengampuni
kesalahan-kesalahan benang yang terun-
tai
merentang ke lampu layangan?
di mana angin seperti kau yang hadir
tapi tak pernah ada, sedang hujan
tak menyurutkan rindu yang melayang
padamu

maaf jika malam mimpimu putus
sebab petir mematahkan ingatan
dan aku jauh di masa kanak
belum mengenal luka dicampakkan

selamat malam layangan
semoga kau tidak gentar
di antara kesepian berjuang

2019

USIA

usiaku duapuluhlima
impianku banyak sama seperti mereka
tapi tunggu dulu, mungkin di saat ini
aku sendiri yang pertama kali
mencebur ke... kata-kata tolong beri
aku keajaiban puisi
sebentar lagi tahun baru
usiaku hampir ganti
tapi kenapa kerja belum jugaÖ

menjelang malam
mimpiku berkelana
memasuki ruang umpama
adakah kau sabar menunggu
seperti kata-kata yang belum.
usai

2019

PENJALA SERAYU, MATI

ada arus, ada ikan
manusia lapar menangkap ikan
ada barang, ada uang
orang butuh jual dagang

ada datang, ada pulang
orang menjala malah tenggelam
perutnya jadi santapan ikan
ikannya dipancing orang
bagian badan penjala dijual
dimakan satu keluarga

serayu ramai orang cari penghidupan
penjala-penjala bertaruh nyawa
tak pandai berenang bisa terendam
tak pandai bekerja bisa bimbang

ëhidup ini keras. kamu harus jadi batu,í
kata lelaki tua penjala sebelum,
mati tenggelam

2019

Khanafi, lahir di Banyumas, Jawa Tengah, 4 Maret 1995. Tulisan-tulisannya berupa puisi, cerpen, dan esai tersiar di beberapa media massa baik situs daring maupun cetak . Penulis berkhidmat di Forum Penyair Solitude. Sehari-hari bekerja sebagai editor lepas. Sekarang tinggal di Purwokerto dan tengah merampungkan buku kumpulan puisinya.

MEKAR SARI

Adiluhung

Memalane Bebrayan

Siti Siamah

GARA-GARA Pageblug Covid-19, sansaya akeh warga sing ora bisa nyambut gawe utawa mbukak usahane. Banjur sansaya akeh sing padha pegatan. Kamangka pegatan kuwi bisa diarani memalane bebrayan.

Semono uga sansaya akeh sing rina wengi turu neng omah kumpul bojo. Banjur akeh sing padha ngandhut. Kedaden iki uga kerep dianggep klebu memalane bebrayan, jalaran yen cacahe anak sansaya akeh nanging ekonomi kulawarga seret bakal kelakon urip nelangsa. Bebasan akeh anak akeh rejeki, kudu diwenehi paneges sing tinemu nalar: tambah anak tambah abot sanggane. Tegese wis cetha yen saben anak mbutuhake ragad akeh kanggo urip lan pendhidhikane.

Malah ana kedaden liyane sing gawe miris atine wong-wong tuwa: Sansaya akeh bocah wadon kapeksa nikah jalaran wis kebacut ngandhut jabang bayi. Yen ora enggal-enggal nikah, bayi sing dikandhut bakal ora duwe bapa.

Kedaden sing gawe miris kuwi saya gampang digoleki sajrone internet, jalaran pancen sansaya akeh. Saben dina sansaya akeh bocah wadon sing njaluk *dispensasi* kanggo nikah jalaran umure durung tekan 19 taun nanging wis kebacut ngandhut.

Saiki, miturut Undang-Undang Perkawinan No.16 Tahun 2019, sarate nikah kanggo lanang lan wadon pancen saora-orane wis umur 19 taun. Kamangka lumrahe bocah lulus SMA lagi umur 18 taun. Lan nalika isih sekolah wis padha yang-yangan. Mula sansaya akeh sing ngandhut sadurunge umur 19 taun, banjur kapeksa nikah kanthi *dispensasi* sing sejatine tetep nerak paugeran.

Pancen wis samesthine yen wong-wong tuwa padha miris nyawang kedaden sing klebu wirang kuwi. Yen bocah wadon wis kebacut ngandhut, kamangka umure durung tekan 19 taun, tegese padha karo ngandhut memalane bebrayan sing bisa gawe uripe bakal nelangsa utawa ketula-tula.

Yen dipetani maneh, ngandhut dhisik nikah keri wiwit mbiyen mula pancen gawe cacate kulawarga lan krabat kabeh, sing wis ora bisa ditutupi maneh. Malah yen ditutupi suwe-suwe kaya bathang bosok, sansaya suwe sansaya bacin. Sing maune ora ngerti banjur melu ngerti.

Perkara liya sing bakal kedaden luwih miris maneh, yen wis kapeksa nikah jalaran wis kebacut ngandhut. Kadya gawe omah tanpa pondhasi lan cagak. Ora pantes diarani omah, nanging pantese diarani gubug sing gampang ambruk utawa bubar nalika katerak angin.

Buktine wis cetha wela-wela. Kawit mbiyen mula, akeh sing padha pegatan jalaran omah-omah tanpa pondhasi lan cagak sing bakoh. Contone, urip isih melu wong tuwa jalaran durung bisa golek pangan dhewe.

Trep karo cathetan sing ana ing Pengadilan Agama ing saperangan dhaerah. Akeh sing pegatan jalaran uripe sarwa kacingkrangan utawa kagubet perkara ekonomi. Sing lanang durung duwe penggaweyan maton, sing wadon banjur njaluk pegat supaya urip ora saya nelangsa. Kamangka, yen wis pegatan, uripe bisa bae malah sansaya nelangsa.

Yen wis kaya ngono, memalane bebrayan bakal kadya kanker ganas, sansaya angel tambanane. Malah memala kuwi bakal dadi memala turun temurun. Contone, akeh sing pegatan jalaran niru wong tuwane sing uga pegatan.

Sansaya akeh sing ngandhut dhisik nikah keri sabenere wis bisa dibedhek nalika umur pehak lanang lan pehak wadon kanggo sarat nikah diowahi saorane dadi padha 19 taun. Sadurunge, miturut undang-undang sing lawas, umur kanggo sarat nikah tumrap pehak lanang 19 taun, dene tumrap pehak wadon 16 taun.

Owahe sarat nikah ing babagan umur kuwi, sejatine kanggo nyegah nikah tumrap bocah-bocah sing durung cukup umure supaya ora gampang pegatan. Nanging jebule malah sansaya akeh sing kapeksa nikah kanthi *dispensasi* jalaran wis kebacut ngandhut, banjur padha pegatan.

Yen dionceki maneh, urusan nikah pancen dudu urusan sepele. Semono uga urusan omah-omah, ora bisa dianggep remeh. Akeh sarate supaya bisa nikah utawa omah-omah sing bener-bener bakoh sakabehe sing trep karo pangangen-angen sing becik: Tansah karahayon satengahe bebrayan agung.

Kanthi pangangen-angen sing becik kuwi, kabeh wong tuwa lan guru wis samesthine kudu tansah nggulawentah marang bocah-bocah supaya padha ngatiati anggone sesrawungan. Kena yang-yangan nanging aja kebablasen. Kadya mlaku ing dalan sing lunyu, aja kepleset apamaneh tiba tangi babak belur lan tatu jero sing banjur dadi belang.

Pancen, memalane bebrayan kaya pegatan kuwi kadya tatu sing jero banget. Senajan bisa mari nanging bakal dadi belang sing bisa disawang salawase urip. Mula saka kuwi, yen wis kebacut ngandhut banjur kapeksa nikah, kudune tansah temen-temen anggone omah-omah supaya ora padha pegatan. Ana kalane kawitane ala nanging sateruse bisa becik.

Wis akeh contone, maune nalika nikah isih padha mlarate. Urip isih melu wong tuwa. Malah mangan saben dina uga ditanggung wong tuwa. Nanging yen pancen temen-temen anggone mbangun bale wisma, bakal sansaya murwat, banjur tuku kendharaan, kongang mbangun omah, nganti kasil ngentasake bocah-bocah nggayuh kamulyan.

Kadya lomba mlayu, wiwit jangkah pisanan pancen kudu kebat sakebat-kebate, nanging aja nganti kepleset apamaneh tiba tangi. Lan ora kena mandheg apamaneh mbalik. Sanepan kuwi cocog kanggone sing padha kapeksa nikah jalaran wis kebacut ngandhut.

Dadi manten sing wis ngandhut, pancen ora ana maneh wektu kanggo seneng-seneng jalaran sedhela maneh wis duwe momongan. Aja nganti momongane melu nelangsa apamaneh nganti turun temurun marisi memalane bebrayan.***

**) Siti Siamah, Sutresna kabudayan Jawa, Peneliti Global Data Reform.*

Geguritan

Miftachur Rozak

NYAWANG PERKUTUT

perkutut ing ngarep omah
manggung wayah subuh

anggungane nentremna batin
kaya swara pitutur
saben dina kanthi ngucap syukur

kuR... ketekung... kung
syukur dumateng kang agung
kur... ketung... ketekung
mung gusti kang maha agung
kang maringi rahmat lan pitulung

Jombang, 2020

SWARA UDAN

rungokna swara udan
rasakna cipratane sing nelesi lemah
nganti atimu tinemu
donga-donga sing dirapal udan

rungokna swara udan
ngundang kewan padha ngandhang
dulinan gamelan ana kebonan

rungokna kanthi satiti
rahmate gusti
lumantar ana ing udan
nentremna kabeh jerohan

Jombang, 2020

LINTANG-LINTANG GEMEBYAR

lintang-lintang gemebyar
ing langit wulan november

udan arang-arang
nanging angin semilir
nyenengna bocah-bocah
sing dolanan ana latar

rembulan ora teka-teka
apa merga dipangan gerhana?

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email *mekarsari.kr@gmail.com*. Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun. (**Redaksi**)